

<b>salinity</b>	<b>salinite</b>	yon mezi kantite sèl ki disoud nan dlo lanmè.
<b>salt</b>	<b>sèl</b>	konpoze ki fòme lè yon negatif yon asid mele avèk yon pozitif yon baz.
<b>saprophyte</b>	<b>sapwofit</b>	òganis ki itilize òganis ki pa vivan kòm yon sous manje epi ki ede resikle sibstans nitritif pou yo ka disponib pou lòt òganis itilize yo.
<b>satellite</b>	<b>satelit</b>	nenpòt objè natirèl oswa atifisyèl k ap vire ozalantou yon lòt objè.
<b>saturated hydrocarbon</b>	<b>idwokabi satire</b>	konpoze, tankou pwopàn oswa metàn, ki gen sèlman yon lyezòn ant atòm kabòn yo.
<b>saturated solution</b>	<b>solisyon satire</b>	nenpòt solisyon ki gen ladan tout solit li ka konsève nan yon tanperati.
<b>scales</b>	<b>ekay (kal)</b>	plak mens ak di ki kouvri po pwason epi ki pwoteje kò li.
<b>science</b>	<b>syans</b>	pwosesis pou gade ak etidye kreyati ki nan monn lan pou jwenn konesans.
<b>scientific method</b>	<b>metòd syantifik</b>	ansnam pwosedi rechèch òganize ki ka gen ladan enonse yon pwoblèm, fòme yon ipotèz, rechèch ak rasanblaj enfòmasyon, tèst yon ipotèz, analize done epi fè konklizyon.
<b>screw</b>	<b>elis</b>	machin senp ki gen ladan yon plan encline ki vlope nan yon espiral ozalantou yon poto silendrik.
<b>scrubber</b>	<b>epiratè</b>	aparèy ki diminye emisyon souf nan santral elektrik a chabon.
<b>sea breeze</b>	<b>briz lanmè</b>	mouvman lè a ant lanmè ak tè a pandan lajounen lè yon lè pi frèt ki anwo dlo a deplase sou tè a, pou fòse lè chofe ak mwen dans ki sou tè a leve.
<b>seafloor spreading</b>	<b>renouvèlman fon oseyanik</b>	teyori Hès ki endike yon nouvo fon oseyanik fòme lè

		magma a fòse anwo nan direksyon sifas la nan arèt mitan oseyan an.
<b>season</b>	<b>sezon</b>	peryòd kout chanjman kliman nan yon zòn akòz enklinezon aks tè a lè tè a ap vire ozalantou solèy la.
<b>second law of thermodynamics</b>	<b>dezyèm lwa tèmodinamik</b>	endike li enposib pou chalè sikile ant yon objè frèt ak yon objè cho sof si travay la fèt.
<b>secondary wave</b>	<b>onn segondè</b>	onn seyismik ki deplase patikil wòch ki pèpandikilè avèk direksyon onn lan.
<b>sedimentary rock</b>	<b>wòch sedimantè</b>	yon kalite wòch, tankou kalkè, ki pi sanble gen fosil epi li fòme lè kouch sab, silt, ajil oswa labou simante ak konpakte ansanm oswa lè mineral yo fè depo nan yon solisyon.
<b>sediments</b>	<b>sediman</b>	sibstans ki detache, tankou fragman wòch, grenn mineral ak rès plant ak animal ki t ap viv lontan, epi deplase akòz van, dlo, glas oswa pezantè.
<b>seismic wave</b>	<b>onn seyismik</b>	onn yon tranblemanntè jenere.
<b>seismograph</b>	<b>sismograf</b>	enstriman ki itilize pou endike onn tranblemanntè epi pou note lè yo chak rive.
<b>semen</b>	<b>espèm</b>	melanj espèmatozoyid ak yon likid ki ede espèmatozoyid la deplase epi alimante yo avèk yon sous enèji.
<b>semiconductor</b>	<b>semi-kondiktè</b>	sibstans ki gen pwopriyete kondiktib ant pwopriyete metal (bon kondiktè yo) ak pwopriyete non-metal (izolan) epi ki gen paramèt kondiktivite ki ka kontwole.
<b>series circuit</b>	<b>sikui an seri</b>	sikui kote kouran elektrik la gen sèlman yon trajektwa pou swiv.

<b>sessile</b>	<b>sesil</b>	dekri yon òganis ki rete tache yon sèl kote pandan pifò lavi li.
<b>setae</b>	<b>swa</b>	estrikti tankou pwal ki deyò chak segman kò ki ede vè segmante yo deplase.
<b>sewage</b>	<b>dlo ize</b>	dlo ki ale nan fose ekoulman epi ki gen dechè imen, detèjan kay ak savon.
<b>sex-linked gene</b>	<b>jèn ki lye nan sèks</b>	yon alèl ki eritye sou kwomozòm sèks epi ki ka lakòz dezòd jenetik imen tankou sesite koulè ak emofili.
<b>sexual reproduction</b>	<b>repwodiksyon seksyèl</b>	yon kalite repwodiksyon kote de (2) selil seksyèl, anjeneral yon ze ak yon espèmatozoyid, ini pou fòme yon zigòt, k ap devlope nan yon nouvo òganis avèk yon idantite inik.
<b>sexually transmitted disease (STD)</b>	<b>maladi ki transmèt nan sèks (MST)</b>	maladi enfektye, tankou klamidya, SIDA oswa èpès jenital, ki pase ant yon moun ak yon lòt nan kontak seksyèl.
<b>sheet erosion</b>	<b>ewozyon an nap</b>	yon kalite ewozyon dlo sifas akòz ekoulman ki fèt lè dlo yo pran sediman yo pou pote yo ale.
<b>shield volcano</b>	<b>vòlkan an boukliye</b>	gwo vòlkan ki an pant lantman; se eripsyon silansye lav bazaltik ki fòme yon vòlkan an boukliye.
<b>short-day plant</b>	<b>plant a jou kout</b>	plant bezwen lannwit long anjeneral-12 èdtan oswa plis fènwa-pou kòmanse pwosesis florezon an.
<b>SI</b>	<b>SI</b>	Sistèm Entènasyon Inite-vèsyon sistèm metrik ki amelyore, ki aksepte toupatou sou latè, epi ki baze sou miltip dis (10); li gen ladan mètr (m), lit (L) ak kilogram (kg).
<b>silicate</b>	<b>silikat</b>	dekri yon mineral ki gen

		silikòn, oksijèn ak youn oswa plis lòt eleman anjeneral.
<b>sill</b>	<b>dik</b>	karakteristik wòch igne ki fòme lè magma a kwense nan yon fant orizontal ant kouch wòch yo epi li fè anba tè a vin di.
<b>simple machine</b>	<b>machin senp</b>	machin ki fonksyone avèk yon sèl mouvman-levye, pouli, wou ki nan aks, plan enklive, vis ak kwen.
<b>single-displacement reaction</b>	<b>reyaksyon depasman senp</b>	reyaksyon chimik kote yon eleman ranplase yon lòt eleman nan yon konpoze.
<b>skeletal muscle</b>	<b>misk eskèlèt</b>	misk volontè ak estriye ki deplase zo, ki fonksyone pa pè epi ki ini avèk zo yo gras a tandon yo.
<b>skeletal system</b>	<b>sistèm eskeletik</b>	tout zo ki nan kò a ; li fòme yon estrikti entèn ak vivan ki bay fòm ak sipò, pwoteje ògàn entèn yo, deplase zo yo, fòme globil san yo epi estoke kalsyòm ak konpoze fosfore pou itilizasyon annapre.
<b>sliding friction</b>	<b>fwotman glisman</b>	fòs friksyon ki opoze mouvman de (2) sifas k ap glise pou pase youn sou lòt.
<b>slump</b>	<b>efondreman</b>	yon kalite mouvman mas ki fèt lè yon mas materyèl desann sou yon pant an koub.
<b>smooth muscle</b>	<b>misk lis</b>	misk envolontè ki pa estriye k ap kontwole mouvman ògàn entèn yo.
<b>soaps</b>	<b>savon</b>	sèl òganik; li gen pwent idwokabi non-polè ki reyaji avèk lwil ak pousyè, epi li gen pwent polè ki ede yo disoud nan dlo.
<b>social behavior</b>	<b>konpòtman sosyal</b>	entè-aksyon pami manm menm espès; pami entè-aksyon yo, genyen frekantasyon ak akoupleman, jwenn manje,

		pran swen jenn epi youn bay lòt pwoteksyon.
<b>society</b>	<b>sosyete</b>	yon gwoup zannimo menm espès k ap viv ak travay ansanm yon fason òganize; chak manm ap fè yon djòb espesyal
<b>soil profile</b>	<b>pwofil sòl</b>	seksyon vètikal kouch tè; chak kouch reprezante yon orizon.
<b>soil</b>	<b>sòl</b>	melanj mineral ak patikil wòch, rès òganis ki mouri, lè ak dlo ki fòme pi wo kwout tè a epi ki sipòte kwasans plant yo.
<b>solar collector</b>	<b>kaptè solè</b>	aparèy ki itilize nan yon sistèm chofaj solè epi ki absòbe enèji radyan ki sòti nan solèy la.
<b>solar eclipse</b>	<b>eklips solè</b>	fèt lè lalin nan pase dirèkteman ant solèy la ak tè a epi li pwojte onm sou kèk pati tè a.
<b>solar energy</b>	<b>enèji solè</b>	enèji ki sòti nan solèy la ki pwòp, ki inepeizab epi ki ka transfòme an elektrisite gras a selil solèy la.
<b>solar system</b>	<b>sistèm solè</b>	sistèm nèf (9) planèt yo ki gen ladan tè a, ak lòt objè k ap vire ozalantou solèy la.
<b>solenoid</b>	<b>solenoyid</b>	yon fil ki vlope nan yon bobin silendrik.
<b>solstice</b>	<b>sòlstis</b>	pwen semèstriyèl kote solèy la rive nan pi gwo distans li nan nò oswa nan sid ekwatè a.
<b>solubility</b>	<b>solibilite</b>	kantite maksimòm yon solit ki ka disoud nan yon kantite sòlvan selon yon tanperati.
<b>solute</b>	<b>solit</b>	nan yon solisyon se sibstans k ap disoud.
<b>solution</b>	<b>solisyon</b>	yon melanj ki menm melaje toupatou; li rele tou melanj omojèn.

<b>solvent</b>	<b>sòlvan</b>	nan yon solisyon, se sibstans kote solit la disoud.
<b>sonar</b>	<b>sona</b>	sistèm ki itilize refleksyon onn son pou detekte objè anba dlo.
<b>sori</b>	<b>sò</b>	estrikti foujè kote espò pwodui.
<b>sound quality</b>	<b>kalite son</b>	diferans ant son ki gen menm wotè ak entansite.
<b>space probe</b>	<b>sonn espasyal</b>	enstriman ki vwayaje lwen nan sistèm solèy la epi ki ransmase done pou li voye tounen sou tè a.
<b>space shuttle</b>	<b>navèt espasyal</b>	veso espasyal reyitilizab ki ka pote kagezon, astwonot ak satelit pou ale oswa pou sòti nan lespas.
<b>space station</b>	<b>estasyon espasyal</b>	gwo bilding ki gen katye, espas travay ak egzèsis, epi sistèm ekipman ak sipò pou moun viv ak travay nan lespas pou yo ka fè rechèch.
<b>species</b>	<b>espès</b>	gwoup òganis ki repwodui sèlman avèk lòt manm pwòp gwoup yo.
<b>specific gravity</b>	<b>dansite</b>	brapò pwa yon mineral parapò ak pwa volim egal dlo.
<b>specific heat</b>	<b>chalè masik</b>	kantite enèji tèmik ki nesesè pou ogmante tanperati 1 kilogram yon sibstans à 1 degre Sèlisyis.
<b>speed</b>	<b>vitès</b>	distans yon objè vwayaje pou chak inite tan.
<b>sperm</b>	<b>espèmatozoyid</b>	selil jèminal aployid ki fòme nan ògàn repwodiktif mal; nan moun, se selil repwodiktif mal ki pwodui nan testikil yo.
<b>sphere</b>	<b>esfè</b>	yon objè won tridimansyonèl; sifas li se menm distans ant sant li ak tout pwen yo; latè se yon esfè ki gonfle kèk kote nan

		ekwatè a epi ki plat lejèman nan pòl yo.
<b>spiracles</b>	<b>estigmat</b>	ouvèti nan abdomèn ak toraks ensèk kote lè antre epi dechè gaz sòti.
<b>spontaneous generation</b>	<b>jenerasyon espontane</b>	lide ki endike kreyati vivan sòti nan kreyati ki pa vivan.
<b>sporangium</b>	<b>esporanj</b>	pati won espò yon chanpiyon zigòt.
<b>spores</b>	<b>espò</b>	selil repwodiktif enpèmeyab yon chanpiyon ki ka devlope andedan yon nouvo òganis; nan plant yo, se selil aployid ki pwodui nan etap fòmasyon gamèt ki ka separe an mitoz pou fòm estrikti plant yo oswa yon nouvo plant annantye oswa ki ka devlope nan selil repwodiktif yo.
<b>sporophyte stage</b>	<b>etap espowofit</b>	etap sik lavi plant ki kòmanse lè yon espèmatozoyid fekonde yon ze.
<b>spring</b>	<b>sous dlo</b>	fòm lè nivo idwostatik jwenn ak sifas tè a; yo jwenn li souvan sou flan koto yo epi li sèvi kòm sous dlo fre.
<b>stamen</b>	<b>etamin</b>	ògàn repwodiktif mal ki andedan flè yon anjyospèm; li gen ladan yon antè kote grenn polèn yo fòm epi li genyen yon filaman tou.
<b>standard</b>	<b>estanda</b>	kantite egzat ak konvnan ki itilize pou fè konparezon.
<b>standing wave</b>	<b>onn estasyonè</b>	yon modèl onn ki fòm lè onn longèdonn ak anplitid egal, men k ap vwayaje nan direksyon opoze, entèfere san rete youn ak lòt; li gen pwen ki rele ne ki pa deplase.
<b>static electricity</b>	<b>elektrisite estatik</b>	akimilasyon sipli chaj elektrik sou yon objè.
<b>static friction</b>	<b>frikasyon</b>	fòs frikasyon ki anpeche de

	<b>estatik</b>	(2) sifas glise youn sou lòt.
<b>station model</b>	<b>estasyon akèy</b>	endike kondisyon metewolojik yo nan pozisyon espesifik; li itilize yon konbinezon senbòl sou yon kat.
<b>stinging cells</b>	<b>selil kuizant</b>	kapsil ki gen estrikti woule tankou gachèt epi ki ede eknidè yo kaptire manje.
<b>stomata</b>	<b>estomat</b>	ouvèti tou piti nan epidèm yon plant kote dyoksid kabòn, vapè dlo ak oksijèn antre ak sòti.
<b>streak</b>	<b>trene</b>	koulè yon mineral lè li sou fòm poud.
<b>stream discharge</b>	<b>efè debi</b>	volim dlo ki koule apre yon pwèn espesifik pou chak inite tan.
<b>strike-slip fault</b>	<b>fay dekwochant</b>	wòch ki fele akòz fòs sizayman kote wòch yo deplase youn apre lòt san twòp mouvman vètikal.
<b>strong force</b>	<b>entè-aksyon fò</b>	fòs atraksyon ki aji ant pwoton ak netwon nan yon nwayo atomik.
<b>sublimation</b>	<b>siblimasyon</b>	pwosesis chanjman yon solid dirèkteman an vapè san li pa fòme yon likid.
<b>substance</b>	<b>sibstans</b>	eleman oswa konpoze ki pa ka dekonpoze an konpoze pi senp epi ki konsève pwopriyete sibstans orijinal la.
<b>substituted hydrocarbon</b>	<b>idwokabi sibstitiye</b>	idwokabi avèk youn oswa plizyè atòm idwojèn li ki ranplase avèk atòm oswa gwoup lòt eleman.
<b>succession</b>	<b>siksasyon</b>	chanjman natirèl, tanzantan ki fèt nan yon kalite espès k ap viv nan yon zòn; li ka primè oswa segondè.
<b>sunspots</b>	<b>tach solè</b>	zòn sou sifas solèy la ki pi frè ak mwen klere pase zòn ki nan anvwon an; se chan mayetik solèy la ki



		lakòz sa epi sa fèt nan sik yo.
<b>supergiant</b>	<b>sipèjeyant</b>	etap retade nan sik lavi yon gwo etwal kote nwayo a chofe, eleman lou fòm akòz fizyon epi etwal la delvope; li ka eksploze pou fòm yon sipènova.
<b>supersaturated solution</b>	<b>solisyon sipèsatire</b>	nenpòt solisyon ki gen plis solit pase yon solisyon satire nan menm tanperati a.
<b>surface current</b>	<b>kouran sifas</b>	kouran oseyan ki gen enèji ewolyen epi deplase dlo a orizontalman ak paralèlman ak sifas tè a, epitou ki deplase sèlman pi onò sou kèk santèn mèt dlo lanmè.
<b>surface wave</b>	<b>onn sifas</b>	onn seyismik ki deplase patikil wòch anwo ak anba nan yon mouvman woulan annaryè epi vètikalman nan yon mouvman osiyasyon.
<b>suspension</b>	<b>sispansyon</b>	melanj etewojèn ki gen ladan yon likid kote patikil vizib anpile.
<b>symbiosis</b>	<b>senbyoz</b>	nenpòt relasyon sere ant espès, avèk tou mitiyalis, kòmansalis ak parazitis.
<b>synapse</b>	<b>sinaps</b>	se yon ti espas; akote ti espas sa gen yon enpilasyon k ap deplase ant yon aksòn ak dendrit yo oswa selil kò yon lòt newòn.
<b>synthesis reaction</b>	<b>reyaksyon sentèz</b>	reyaksyon chimik kote de (2) oswa plis sibstans konbine pou fòm yon sibstans diferan.
<b>synthetic</b>	<b>fib sentetik</b>	dekri polimè, tankou plastik, adeziv ak anwobaj sifas, ki fòm nan idwokabi yo.
<b>systemic circulation</b>	<b>sikilasyon sistematik</b>	pi gwo pati sistèm sikilatwa, kote san ki rich ak oksijèn koule nan tout ògàn ak tisi ko yo, sof nan kè a ak poumon yo, epi san

		ki pa gen anpil oksijèn retounen nan kè a.
--	--	-----------------------------------------------